

# Kijan pou w aplike pou asistans FEMA nan Florid apre sikelon Helene

Release Date: Septanm 29, 2024

**ATLANTA** - Pwopriyetè kay ak lokatè Florid nan 17 konte ki te gen domaj oswa pèt ki pa gen asirans ke sikelon Helene te koze ka elijib pou asistans FEMA pou katastwòf.

FEMA ka anmezi pou ede ak bezwen grav, deplasman, lojman tanporè, depans de baz reparasyon kay, pèt pwopriyete pèsonèl oswa lòt bezwen dezas koze. Pwopriyetè kay ak lokatè nan konte Charlotte, Citrus, Dixie, Franklin, Hernando, Hillsborough, Jefferson, Lafayette, Lee, Levy, Madison, Manatee, Pasco, Pinellas, Sarasota, Taylor ak Wakulla kapab aplike.

Si w te aplike nan FEMA apre Sikelon Debby epi w gen plis domaj nan Sikelon Helene, w ap bezwen aplike pou Helene apa epi bay dat domaj ki pi resan w yo. Aplike pou nenpòt tanpèt sou entènèt nan [DisasterAssistance.gov](#). Ou ka aplike tou atravè [aplikasyon mobil FEMA](#) oswa lè w rele Liy Èd FEMA a nan **800-621-3362**. Liy yo louvri chak jou epi èd disponib nan pifò lang. Si w itilize yon sèvis relè, tankou Sèvis Relè Videyo (VRS, Video Relay Service), telefòn ki gen tit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo w pou sèvis sa a. Pou gade yon videyo ki aksesib sou fason pou aplike, ale sou: [Twa \(3\) Fason pou Enskri pou Asistans FEMA pou Katastwòf - YouTube](#).

Asistans pou katastwòf FEMA ofri [nouvo benefis](#) ki bay finansman fleksib dirèkteman pou sivivan yo. Anplis de sa, yon pwosesis senplifye ak elijiblite elaji pèmèt Floridyen yo gen aksè a yon seri pi laj de asistans ak lajan pou bezwen grav.

## Ki sa w ap bezwen lè w aplike

- Yon nimewo telefòn n ap sèvi ak li pou yo rive kontakte nou.
- Adrès ou nan moman katastwòf la ak adrès kote w rete kounye a.
- Nimewo Sekirite Sosyal ou.



**FEMA**

Page 1 of 2

- Yon lis jeneral bagay ki kraze ak sa n pèdi yo.
- Enfòmasyon labank si nou chwazi depo dirèk.
- Si ou gen asirans, nimewo kontra a oswa ajan an ak/oswa non konpayi an.

Si ou gen asirans pou pwopriyetè, asirans lokatè oswa asirans kont inondasyon, depoze yon reklamasyon tousuit. FEMA pa kapab bay benefis anplis pou bagay ki pèdi ki anba yon kouvèti asirans. Si polis asirans nou a pa kouvri tout depans ki gen pou wè ak sitiyasyon katastwòf la, nou kapab vin kalifye pou asistans federal.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Siklòn Helene nan Florid, vizite [fema.gov/disaster/4828](https://fema.gov/disaster/4828). Swiv FEMA sou X nan [x.com/femaregion4](https://x.com/femaregion4) oswa sou Facebook nan [facebook.com/fema](https://facebook.com/fema).



**FEMA**

Page 2 of 2